



ANDREW M. CUOMO
Governor

RICHARD A. BALL
Commissioner

GID ENTERIMÈ POU LIVREZON PWODWI ALIMANTÈ AK LIVREZON PWODWI ALIMANTÈ KÒMANDE ANLIY LAKAY MOUN DAT: 29 mas 2020

Moun ki bezwen achte manje kapab jwenn sèvis livrezon lakay yo ak/oswa sèvis pou yo kòmande manje anliy (ikomès), pou jwenn manje san yo pa ale fizikman nan yon magazen alimantè. Menm si posiblite sa yo bay moun k ap achte a plis fasilite, li enpòtan anpil pou sa fèt yon jan ki pwoteje machandiz yo kont danje ak kontaminasyon pandan transpò a. Si yo pa trete pwodwi yo byen, sa kapab domaje yo oswa lakòz maladi (anpwazonnman alimantè) pou moun ki manje yo. Prensipal sèvis transpò yo, tankou UPS, FedEx, USPS, elatriye... ak/oswa kote ki voye pwovizyon kay moun, kit se nan men yon anplwaye nan komès detay la, kit se nan men yon kontratè oswa yon sèvis livrezon tankou UberEats, Instacart, elatriye... dwe obsève kondisyon ki ekri nan dokiman sa a.

Anvan Livrezon/Estokaj:

Manje moun kòmande, epi ki rete nan magazen an anvan yo transpòte oswa remèt yo, dwe kenbe yon jan ki ijyennik, dapre kondisyon kote ki pwodwi machandiz la. Atik ki pa bezwen ale nan frijidè yo mèt estoke nan tanperati anbyan an. Atik ki bezwen ale nan frijidè oswa nan konjelatè yo dwe konsève nan tanperati 41°F oubyen mwens, oubyen nan yon eta konjelasyon. Estokaj ak transpò a dwe fèt yon jan pou pa gen kontaminasyon ki soti nan anviwonman an, epi si posib yo dwe estoke nan yon depo oswa yon lokal ki fèt pou kenbe machandiz kliyan yo kòmande. Si se yon konpayi/sèvis livrezon k ap sèvi, veye byen pou pwodwi yo estoke jansadwa anvan transpò yo.

Kontwòl Tanperati pandan Transpò:

Tout manje ki bezwen refrijerasyon dwe kenbe nan yon tanperati 41°F oubyen mwens, epi atik ki konjle yo dwe trete yon jan pou yo rete konjle byen di. Jan ki pi efikas pou fè sa, se sèvi avèk kontnè transpò izole oswa kontnè ki fèt espesyalman pou estokaj frèt, epi ki genyen bon kalite mwayen refwadisman. Pakèt glas kapab ede nan kenbe bon tanperati pou sa, pandan tout operasyon livrezon an. Pou transpò manje cho, yo dwe kenbe manje a nan tanperati 135°F oswa pi wo, nan kontnè izole ki fèt espesyalman pou kenbe tanperati manje ki cho.

Kontwòl Tanperati pou Livrezon Ikomès:

Livrezon nan lapòs/entènèt oswa sèvis transpò òdinè kapab mande pou sèvi avèk kontnè ki fèt espesyalman pou yo pa domaje, epi k ap kenbe tanperati kòrèk pandan transpò a. Pou verifye si kontnè k ap sèvi pou transpò yo pral kenbe tanperati kòrèk pandan transpò a, mande wè yon kopi etid validasyon ki soti nan kote yo achte kontnè pou transpò yo. Gade tou si ou ka sèvi avèk yon endikatè tan/tanperati ki chanje koulè, oswa yon aparèy ki kontwòle tan/tanperati epi k ap bay yon endikasyon vizib oubyen yon avètisman si kontnè pou transpò atik yo depase tanperati kòrèk la. Mete etikèt pi ba la a sou deyò kontnè ki genyen manje ki ka gate oubyen ki konjle yo: "Kenbe nan Frijidè" oswa "Kenbe nan Konjelatè".

Transpò Ijyennik:

Kontnè ki sèvi pou pote manje bay dwe rezève pou sèvis sa a, ak dwe kenbe nan yon jan ijyennik pou yo pa gate ni kontamine manje yo. Veyikil yo pa dwe sèvi pou lòt rezon, lè y ap sèvi pou livrezon manje. Atik ki pa pwodwi alimantè, tankou pwodwi chimik, zouti, oswa kawoutchou derechanj pa dwe estoke nan lòt kote nan menm veyikil ki fè livrezon manje yo. Wout livrezon yo dwe plannifye nan jan ki pi bon pou efikasite transpò a, pou anpeche gaspiye tan, sa ki kapab ajji sou tanperati pwodwi yo, menm si yo nan frijidè.



ANDREW M. CUOMO
Governor

RICHARD A. BALL
Commissioner

Ekri enfòmasyon nan yon pwospektis, oswa yon mesaj elektwonik, oswa yon afich pou fè kliyan an sonje metòd kòrèk pou travay nan manje: [netwaye, separe, kwit, glase.](#)

Separasyon:

Manje kri, tankou vyann, ze, ak pwason dwe anbale ak transpòte yon jan pou yo pa kontamine lòt manje, espesyalman manje fre ki pral sèvi san kwit. Separe sache, bwat ak/oswa konjelatè, se jan ki pi efikas pou satisfè kondisyon sa a. Pa janm mete manje kri oswa "ki bezwen kwit" sou lòt ki "pare pou manje", kèlkeswa anbalaj la.

Livrezon:

Ògànize livrezon an yon jan pou kliyan an lakay li, pou resevwa machandiz la. Chèche pa kite manje yo poukont yo devan pòt moun, kote tanperati a kapab gate yo, oubyen kapab genyen ti bèt nan lakou, oswa bèt nan kay, oswa lòt bagay ki vin atake yo. Pi bon bagay, pou livrezon nan menm zonn lan, se chwazi yon lè pou livrezon an bon ni pou moun k ap vann lan, ni pou kliyan an. Pou livrezon ki lwen, chèche jwenn yon dat ak yon lè livrezon ki pèmèt kliyan an pare pou resevwa machandiz la.